

LEKÒL LETA MIAMI-DADE COUNTY
LIV ENFÒMASYON INIVÈSÈL DISTRI A POU PARAN AK ELÈV

Sa Nou Ajoute nan Liv Enfòmasyon Paran/Elèv 2020-2021
Lekòl Leta Miami-Dade County
Règ ak Pwosedi sou 'COVID-19' pou Modèl Enstriksyonèl nan Bilding Lekòl

Pandan li deklare ijans sou sante, Distri a pral enpleman règ ak pwosedi ki konsistan avèk gid ki aplikab avèk "Centers for Disease Control and Prevention (CDC)" (Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi) ak "Florida Department of Health (FDOH)" (Depatman Sante Florid). Anplis, jan li aplikab, Distri a pral konsilte avèk pwoteksyon depatman sante lokal yo e l ap respekte règleman yo. Obligasyon ak pwosedi Distri a etabli an repons ak yon ijans ki afekte sekirite sante ak byennèt elèv ak anplwaye nou yo e yo pral pran priyorite sou pwovizyon Liv Enfòmasyon Paran/Elèv la lè li nesèsè e jiskaske ijans la fini. Akoz sikonstans ki gen rapò ak ijans sante piblik COVID-19 la, Lekòl Leta Miami-Dade County ka bezwen korije oubyen sispann fonksyonman an pèsòn kèk kote li chwazi pou pwoteje sante ak sekirite elèv, anplwaye ak fanmi yo. Silvouplè ale sou <http://reopening.dadeschools.net/index.html> pou jwenn enfòmasyon ki ajou konsènan plan reouvèti Distri a. Pwosedi ak machasuiv k ap suiv yo aplikab pou prezans elèv nan bilding lekòl yo pandan Etap II reouvèti a.

Pwosedi sou Rive Lekòl Pandan Etap II

Yo toujou mande pou timoun, paran ak vizitè kenbe kantite distans sosyal maksimòm posib pandan yo ap rive lekòl. Pèsòn pa dwe reyini an gwoup ki gen anpil moun.

Elèv ki pral depoze, mache nan lekòl la, oswa monte otobis la dwe rive nan diferan moman ant 8:00 a.m. ak 9:10 a.m. Majorite a espere rive apre 8:30 p.m. Paran yo pral gen yon predesignated depoze zòn ki chita nan devan bilding lan. Elèv ki mache nan lekòl la oswa yo depoze yo pral itilize antre devan an. Elèv ki rive nan otobis yo pral akonpaye soti nan bouk la otobis nan dèyè a nan plas prensipal la.

Tout elèv yo ap gen yon opòtinite pou yo resevwa manje maten yo. Elèv k ap resevwa manje maten yo ap antre nan kafeterya a epi yo manje nan kafeterya a ak syèj repati. Elèv yo pral ale nan liy lan manje midi. Liy yo manje midi, ki gen ladan zòn nan deyò zòn nan sèvi / kwizin, yo te make ak signalisation etaj pou pèmèt pou distans sosyal. Elèv ki pa vle manje manje maten yo pral antre nan oditoryòm lan ak syèj repati. Zòn nan devèsman ap rezève kòm yon debòde pou kafeterya a, yo pral plas la rezève kòm yon debòde pou oditoryòm lan.

Elèv yo pral lage nan klas kòmanse a 9:00 a.m. Monitè sekirite ak administratè lekòl yo ap kòmanse lage elèv yo nan klas nan yon modèl repati. Elèv yo ap swiv yon koulwa direksyon nan premye blòk yo.

Pwosedi sou Lage Lekòl Pandan Etap II



LEKÒL LETA MIAMI-DADE COUNTY
LIV ENFÒMASYON INIVÈSÈL DISTRI A POU PARAN AK ELÈV

Yo toujou mande pou timoun, paran ak vizitè kenbe kantite distans sosyal maksimòm posib pandan yo ap kite lekòl. Pèsòn pa dwe reyini an gwoup ki gen anpil moun.

Ranmase Paran: Elèv yo ap kite klas la a 3:40 p.m. epi rapòte bay oditoryòm lan. Paran yo pral oblije enprime ak ranpli yon fòm ak non elèv la ak nivo klas la. Si yon paran pa ka enprime fòm lan, lekòl la ap ba yo youn. Anplwaye yo pral itilize radyo pou rele elèv ki soti nan oditoryòm nan pou rankontre paran yo, ki moun ki pral rete nan veyikil la, nan liy pick-up paran yo.

Elèv ki pran bis la: Elèv yo ap kite klas la a 3:45 p.m. epi rapòte nan zòn otobis pre-identifye yo nan dèyè lekòl la. Otobis yo pral sèn nan zòn nan dèyè bilding lan.

Elèv Walkers: Elèv ki mache lakay yo ap kite nan 3:50 p.m. epi imedyatman sòti lè l sèvi avèk devan lekòl la.

Bonè Ranvwa: Paran yo pral tcheke nan sistèm Raptor nan devan bilding lan epi yo dwe mande yo ranpli yon "Fòm Bonè Ranvwa" epi retounen nan machin yo. Paran yo ap rete nan veyikil la toutan. Sekirite ki te verifye ID paran / gadyen an pral Lè sa a rele biwo a ak konfime ke ID a te verifye kont kat kontak ijans / PF8. Lè sa a, sekirite a ap asire ke elèv la rankontre paran yo nan liy pick-up paran an.

Elèv ki pa ranmase alè ap tann nan oditoryòm lan. Sekirite ak orè biwo yo pral ajiste pou ede ak arive / lekòl lage pi.

Dejene/Repa Midi Pandan Etap II

Tout elèv yo ap manje nan kafeterya a ak tab ki sitye nan zòn devèsman an. Twa peryòd manje midi ak syèj repati yo pral itilize pou akomode kondisyon distans sosyal yo. Swasann-dis-uit elèv pou chak manje midi ka akomode nan kafeterya a, ak disponiblite a nan itilize tab la devèsman soti nan zòn bay plis syèj ak maksimize distans sosyal. Se koule trafik kafeterya make. Pa gen elèv ki dwe manje nan salklas yo nan moman sa a, men yo ta ka konsidere yo sou demann pwofesè yo. Bwat fatra yo disponib nan kafeterya a ak nan tout bilding lan pou jete fatra.

Pwofesè yo ap revize règleman kafeterya yo ak elèv yo chak jou pou premye semèn lekòl la, epi chak semèn apre sa. Règ yo enkli:

- Elèv yo pral mete kouvèti feminen yo nan koulwa eksteryè yo.
- Elèv yo ap kenbe distans sosyal nan liy, menm jan yo tranzisyon nan koulwa yo yon sèl direksyon.
- Elèv yo dwe itilize dezenfektan men lè yo antre nan kafeterya a.



LEKÒL LETA MIAMI-DADE COUNTY
LIV ENFÒMASYON INIVÈSÈL DISTRI A POU PARAN AK ELÈV

- Elèv yo ap kenbe kouvèti vizaj yo pandan y ap mache nan liy manje midi a.
- Elèv yo ap resevwa enstriksyon sou kouman yo sèvi ak kòd bar yo sou ID elèv yo pou yon peman touchless.
- Elèv yo ap chita nan yon modèl repati nan kafeterya a.
- Elèv yo ap netwaye tout bagay ki sou tab manje midi yo.
- Elèv yo pral mete kouvèti figi yo sou yon fwa yo fin manje epi monitè sekirite yo pral ranvwaye yo.

Pwofesè yo ap sipòte pwosedi kafeterya pa:

- Kite salklas yo pa plis ke 3 minit avan lè manje midi pwograme yo.
- Pa rive nan kafeterya pi bonè ke lè pwograme yo.
- Mache elèv yo nan kafeterya a, antre nan pòt la nan sid, ak aliyen nan liy yo sèvi.
- Asire elèv yo mete kouvèti feminen, swiv yon sèl signalisation direksyon, kenbe distans sosyal youn ak lòt nan liy lan, epi itilize dezenfektan men lè yo antre nan kafeterya a.
- Ranmase elèv yo soti nan pòt nò, alè ak nan fen lè manje midi yo.

Tranzisyon Lekòl

Tout Lekòl MDCPS yo mete pwosedi an plas pou limite gwo rasanbleman an gwoup. Yo Mete siy atravè chak kanpous pou raple elèv sa yo ap atann pou pwomouvwa anviwònman ki gen plis sekirite posib. Lè tranzisyon ant salklas nesese, lekòl yo devlope yon plan pou koulwa ki gen swa yon liy oubyen de (2) liy dapre planifikasyon ak bezwen lekòl la. Anplwaye lekòl la pral siveye tranzisyon yo pou asire elèv ap kenbe distans sosyal maksimòm ak kouvèti pou vizaj. Paran ta dwe raple elèv yo sou nesosite pou yo an konfòmite avèk pwosedi lekòl la pou asire sekirite yo ansanm ak sekirite kamarad yo.

Elèv yo pral tranzisyon an menm tan an. Twalèt yo ap fèmen pandan tranzisyon pou bay netwayaj ak dezenfeksyon detanzantan. Lekòl la pral itilize monitè sekirite, administratè, epi chwazi pèsonèl pou maksimize pwoteksyon koulwa yo pandan tranzisyon pou sipòte sikilasyon sikilasyon an epi ranfòse atant / pwosedi lekòl la. Rapèl pou mete mask kòrèkteman, lave men, itilize dezenfektan pou men, epi swiv modèl trafik yon sèl-fason ap jwe sou sistèm PA a yon minit anvan chanjman nan klas la. Pwofesè yo pral modle epi ranfòse kondisyon sekirite ki apwopriye yo lè li nesese pou elèv yo nan koulwa a.

Pwofesè yo mande pou gen yon plan pou bagay sa yo:

- Pwofesè yo etabli yon politik pou itilize twalèt pou minimize pèt tan ansèyman an.
- Twalèt yo bezwen rete pwòp e sanitè.
- Monitè twalèt elèv yo ka nesese, si itilizasyon twalèt pa apwopriye (sètadi pipi atè, chèz).
- Mete aksan sou enpòtans pou lave men ou.



LEKÒL LETA MIAMI-DADE COUNTY
LIV ENFÒMASYON INIVÈSÈL DISTRI A POU PARAN AK ELÈV

Kafeterya a te mete-up maksimize distans sosyal. Wout ak pwosedi yon fason yo te devlope pou klas yo ki gen aksè nan kafeterya a ak sal manje pou manje midi, osi byen ke tranzisyon pou ale ak pou soti nan klas la.

Anplwaye antretyen lekòl yo pral fè netwayaj woutin nan anviwònman an oubyen netwayaj regilye pou majorite sifas yo. Nou ajiste pwosedi sou netwayaj lekòl yo pou ogmante frekans netwayaj nan kote moun manyen anpil avèk dezenfektan yo sèvi nan lopital pandan tout jounen an. Nan fen chak jounen, ekip netwayaj la pral dezenfekte tout kote nan kanpous la an preparasyon pou pwochen jounen aprantisaj la.

Obligasyon pou Rapòte Sentòm yo

Si yo dyagnostike nenpòt moun nan kay elèv la avèk COVID-19, paran/gadyen an dwe rapòte lefètke moun nan kay la ekspozé a maladi a bay lekòl la (yo). Lekòl la pral konsilte avèk depatman sante piblik pou evalye ki prekosyon yo ta dwe pran, ki gen ladan men ki pa limite a, mande elèv la rete lakay pou li pa vin lekòl pandan katòz (14) jou pou yo ka pwoteje kominote lekòl la. Sa se yon prekosyon, e lekòl la pral travay avèk ou pou kenbe elèv ou a angaje e ajou sou tout devwa lekòl la nan mezi li posib pandan peryòd katòz (14) jou a.

Depistaj Sante Anvan Elèv Rive Lekòl Chak jou

Anvan yo rive lekòl la nan maten, elèv ak paran yo ta dwe evalye si elèv la gen nenpòt sentòm COVID-19. Kounye a, sentòm sa yo gen ladan: yon fyèv plis pase 100.4 degre 'Fahrenheit'; tous; souf kout oubyen difikilte pou respire; fatig; mis oubyen kò fè mal; tèt fè mal; fèk santi w pa ka pran gou oubyen pran sant; gòj fè mal; nen bouche oubyen nen koule; noze oubyen vomisman; oubyen dyare. Si yon elèv devlope nenpòt nan sentòm sa yo, yo ta dwe rapòte sa nan lekòl la e diskite sou sa anvan elèv la retounen lekòl.

Pandan Distri a pap fè tchèk tanperati nan lekòl la nan moman sa a, lekòl la pral konte sou elèv, anplwaye, ak fanmi yo pou rapòte enfòmasyon egzak pou sekirite tout lòt fanmi ki afekte atravè Distri a.

Tout enfòmasyon nou bay ap rete konfidansyèl jan lalwa mande li, eksepte lè li nesèsè pou avize oubyen pwoteje anplwaye ak lòt elèv yo de transmisyon viris la.

Si ou gen sentòm oubyen yo dyagnostize ou avèk COVID-19, oubyen yon lòt manm nan fanmi an ki rete nan kay la teste pozitif pou COVID-19, elèv ou a ka oblije rete lakay jiskaske yo ka teste li oubyen li resevwa otorizasyon medikal ki endike yo pa gen COVID-19 e yo ka retounen lekòl an sekirite.

Sa Nou Atann de tout Elèv Pandan yo Lekòl



LEKÒL LETA MIAMI-DADE COUNTY
LIV ENFÒMASYON INIVÈSÈL DISTRI A POU PARAN AK ELÈV

An Jeneral:

1. Rete lakay si w malad.
2. Dezenfekte men ou avèk dezenfektan pou men ki gen omwen 60% alkòl lè w antre nan bilding nan.
3. Lave men ou souvan oubyen sèvi avèk dezenfektan pou men ki gen omwen 60% alkòl si savon ak dlo pa disponib.
4. Evite manyen vizaj ak zye.
5. Lave/dezenfekte men ou aprè ou fin manyen oubyen retire kouvèti pou vizaj ou.
6. Limite sèvi ak objè tout moun sèvi, tankou ekipman edikasyon fizik, ekipman ki sou teren jwèt, materyèl ar, bagay pou jwe ak jwèt. Yo ap netwaye objè yo pataje aprè yo fin sèvi ak yo.
7. Pote pwòp boutèy dlo ou avèk dlo. Yo ap fèmen fontèn dlo yo e yo ap mete disponib estasyon idratasyon pou ranpli boutèy.
8. Suiv tout direksyon pwofesè oubyen administratè yo bay pou sekirite kominote lekòl la. Li espesyalman enpòtan pou elèv rete nan salklas ak espas yo

Kouvèti Vizaj ak Distans Sosyal:

1. Tout moun dwe kenbe distans fizik nan nivo maksimòm otan li posib selon sikonstans yo.
2. Tout moun dwe mete kouvèti vizaj ki kouvri bouch ak nen yo lè yo sou pwopriete komisyon konsèy lekòl la, nan yon aktivite komisyon konsèy lekòl, oubyen lè yo monte yon otobis oubyen lòt transpò ki apwouve. Yo atann pou elèv ak timoun ki gen plis pase dezan vini lekòl chak jou avèk pwòp kouvèti vizaj yo. Sepandan, kouvèti vizaj bon kalite pral disponib pou distribye bay elèv an ka yon ijans pou redui sitiyasyon difisil kote li nesese. Elèv responsab pou pwòp afè yo e yo ta dwe mete kouvèti vizaj yo yon kote ki apwopriye. Si pitit ou bezwen yon kouvèti vizaj, silvoulè kontakte direktè lekòl pitit ou a.
3. Kouvèti vizaj dwe fèt ak pou pi piti yon moso twal ki double e li dwe sere ase pou kouvri nen ak bouch. Kouvèti vizaj pa ta dwe gen ladan okenn kalite vav pou rekspire oubyen ouvèti oubyen mask ki fèt pou degizman.
4. Li rekòmande pou gen de (2) kouvèti vizaj disponib chak jou an ka yon kouvèti vizaj vin pa bon pou sèvi. Nan okenn ka yon elèv pa dwe pataje oubyen echanje kouvèti vizaj. Pou aprann plis sou kouvèti vizaj ki apwopriye pou itilize nan lekòl yo, silvoulè revize paj 28 ak 29 Gid Reouvèti Distri a [Reopening Guide-English](#)
5. Tout kouvèti vizaj elèv yo dwe satisfè demand *Règleman Konduit Elèv ak Règ 5511*, Règleman Abiman ak Inifòm Lekòl. Kouvèti vizaj se abiman/akseswa e yo pa dwe gen ladan yo mesaj oubyen foto eksplisit, vilgè, ki gen rapò ak dwòg, gang, oubyen yo pwovokatif. Nou estrikteman entèdi kouvèti vizaj ki gen ladan langaj ki pa apwopriye moun ka pèsevwa kòm ofansif, denigran, menasan, oubyen entimidan. Kontinye ekspoze kouvèti vizaj sa yo pral oblije nou pran mezi disiplinè jan yo defini li nan *Règleman Konduit Elèv la*.
6. Lè ou efize mete kouvèti vizaj aprè ou resevwa lòd nan men yon moun ki gen otorite sa pral reprezante yon mepri pou pèsònèl lekòl la e/oubyen yon konpòtman endisiplin daprè *Règleman Konduit Elèv la*. Kontinye refize obeyi ka lakoz yo asiye yon elèv nan aprantisaj



LEKÒL LETA MIAMI-DADE COUNTY
LIV ENFÒMASYON INIVÈSÈL DISTRI A POU PARAN AK ELÈV

sou entènèt oubyen a distans. Direktè lekòl la dwe pa konsekan konsidere andikap nan devlopman laj ak devlopman entelekyèl, ak konpòtmantal, jan li apwopriye.

7. Elèv ki ap patisipe nan aktivite andeyò lekòl, tankou atletik, pèfòmans mizikal oubyen teyatral, kote mete kouvèti vizaj yo pa pratik oubyen li ka kreye yon risk sou sante, pwofesè, antrenè, oubyen konseye yo ka fè yo konnen kilè yo ka retire kouvèti vizaj yo pandan aktivite tankou naje oubyen aktivite ki trè entans kote respirasyon ka difisil. Sepandan, elèv dwe kontinye suiv distans sosyal maksimòm ak lòt pwoseki sekirite ki an plas pou aktivite a e yo dwe remete kouvèti vizaj yo lè yo mande yo fè sa.
8. Moun dwe mande direktè lekòl la dirèkteman pou dispans yo de itilizasyon kouvèti vizaj yo. Yo ap oblije bay dokimantasyon ki sipòte nenpòt dispansasyon. Elèv ki gen difikilte pou respire, oubyen ki gen pwoblèm sansoryèl ki soti nan yon pwoblèm medikal oubyen sikolojik ki dokimante, oubyen elèv ki gen pwoblèm kominikasyon e ka oblije pou pwofesè oubyen founisè sèvis la wè bouch yo, ka mande direktè a yon dispansasyon. Si li apwopriye, yo ka mande yo pou mete yon kouvèti vizaj oubyen yon pwotèj vizaj ki transparan. Pwotèj vizaj yo dwe kouvri toude kote vizaj moun ki mete li a e li dwe pwolonje anba manton an. Dokimantasyon nan dosye a dwe soti nan men yon founisè medikal a e yon anplwaye dwe revize l anvan yo ka eskize yon elèv de egzijans kouvèti vizaj sa a.
9. Yo pa ta dwe egzije yon moun ki enkonsyan, enkapab, oubyen ki otreman pa kapab retire kouvèti vizaj a san asistans mete yon kouvèti vizaj.

Lè Elèv Malad nan Lekòl

Si yon elèv tonbe malad oubyen li genyen sentòm COVID-19 pandan li lekòl, yo ap separe elèv la ak lòt elèv e anplwaye e yo ap mete li nan yon espas yo deziyen e idantifye kòm Sal Izolasyon lekòl la. Pandan li nan Sal Izolasyon an, yon anplwaye lekòl ap siveye elèv la. Yon paran oubyen gadyen dwe vin chèche elèv la aprè yo premye idantifye maladi a. Distri a pral kontakte paran/gadyen yo e, si nesèsè, moun ki sou lis kontak ijans elèv la. Yo pral enfòme paran/gadyen e/oubyen moun ki sou lis kontak ijans la sou enpòtans pou yo vin chèche elèv la pou sekirite elèv la ak lòt moun.

Retounen Lekòl

1. Elèv ki jeneralman motre sentòm maladi ki pa gen rapò ak COVID pral bezwen rete lakay jiskaske yo pa gen sentòm yo san yo pa pran medikaman pandan 24 èdtan.
2. Yo mande elèv ki prezante avèk sentòm ki sanble ak COVID, **men ki pa genyen yon kontak COVID yo konnen**, pou rete lakay jiskaske yo resevwa yon tès negatif pou COVID OUBYEN yo pa gen lafyèb san yo pa pran medikaman pandan 24 èdtan E sentòm yo amelyore.
3. Yo mande elèv ki prezante avèk sentòm ki sanble ak COVID, **men yo gen yon kontak COVID yo konnen**, pou rete lakay yo jiskaske yon pwofesyonèl medikal ba yo otorizasyon pou soti nan izolasyon oubyen karantèn E yo pa gen lafyèb san yo pa pran medikaman pou 24 èdtan E sentòm yo amelyore.

Paran ak Lòt Vizitè

Pou anpeche pwopagasyon COVID-19, yo ap limite e kontwole aksè pou vizitè nan



LEKÒL LETA MIAMI-DADE COUNTY
LIV ENFÒMASYON INIVÈSÈL DISTRI A POU PARAN AK ELÈV

direksyon lekòl la. Yo pa pèmèt vizitè antre nan bilding distri yo anban kondisyon ki ap suiv yo:

1. Moun nan gen sentòm ki ap suiv yo: yon tanperati 100.4 degre oubyen pi wo; souf kout; tous; pa ka pran gou oubyen pran sant; misk fè mal; feblès; frison; noze; vomisman; oubyen lòt sentòm COVID-19;
2. Moun nan teste pozitif pou COVID-19;
3. Moun nan ekspoze a yon moun ki gen sentòm COVID-19;
4. Moun nan ekspoze a yon moun ki teste pozitif pou COVID-19.

Venpòt vizitè yo pèmèt antre nan bilding Distri yo ka pase yon depistaj, yo dwe mete yon kouvèti vizaj e yo dwe aplike e konfòme yo ak tout machasuiv ki nan [MDCPS Reopening Website](#), 'CDC', 'FDOH', ak machasuiv depatman sante lokal yo.

AKSEPTASYON SA NOU AJOUTE NAN LIV ENFÒMASYON PARAN/ELÈV LA



LEKÒL LETA MIAMI-DADE COUNTY
LIV ENFÒMASYON INIVÈSÈL DISTRI A POU PARAN AK ELÈV

Non Elèv la

#Idantifikasyon Elèv la

Lekòl

Klas Prensipal

AKSEPTASYON

Mwen li sa yo ajoute nan Liv Enfòmasyon Paran/Elèv 2020-2021 an. Mwen dakò pou m aplike egzijans sa yo, ansanm ak lòt machasuiv Distri ki aplikab yo, e mwen konprann yo ka chanje egzijans sa yo. Nan yon efò pou m pwoteje tèt mwen ak fanmi mwen kont maladi kontajye, espesifikman COVID-19, mwen ap aplike egzijans sa yo.

Mwen espesifikman konprann, se responsablite pèsonèl mwen pou m asire anvan mwen antre nan yon otobis lekòl oubyen mwen rive lekòl, mwen pran swen pou m evalue sentòm pitit mwen ka genyen, pou m pran tanperati pitit mwen, e asire pa gen okenn aparans maladi ki ka oblije pitit mwen rete lakay pou l pa ale lekòl. Mwen aksepte se responsablite mwen e pou sekirite kominote lekòl mwen, mwen dwe konfòme m ak règ sa yo.

Siyati Elèv la

Dat

Siyati Paran/Gadyen an

Dat

Lekòl Leta Miami-Dade County

